



Newsletter 30, April 2020

## UPDATES

### High Profile Supporter (HPS) Nomination & Upgraded Website Launch



TRS dey work with di Nigerian community wey dey diaspora and also for Naija to taku di rumors and lack of legit information about COVID-19. Cynthia, TRS supporter and public health specialist, share [one video message against di rumor about coronavirus for Naija](#).

TRS website don upgrade and e don go live. E don dey simpler, faster and more engaging. Now you fit browse di wesbite for four different language: English, Pidgin, Somali and Tigrinya. [Click here make you visit](#).

Di ogbonge award winning film maker & actress, Judith Audu; don dey appointed as UNHCR High Profile Supporter. She be native of Edo State, where we dey disseminate di TRS project. [Find out more for awa website](#).

## ACTIVITIES

Please note say di activities below happun before COVID-19 enta Sub-Saharan Africa.

### Awareness Raising Sessions in Edo State, Nigeria



Telling the Real Story meet with 5,193 students from 10 schools for inside Uromi, Irrhua, Ewu, Ikpoba Okha, and Oredo Local Government Areas for Edo state. During dese sessions, we discuss di ogbonge importance of education, assertiveness, self-esteem and di dangers of peer/parental pressure wey sometimes dey cause make pipo fall victim of human traffickers and folo dem travu thru desert and sea. Find out more for awa [website](#).

### Diaspora Engagements in Europe



TRS organise five diaspora meeting for Italy, Belgium and Denmark. Di events bring togeda some diaspora leaders, activists and diaspora organizations; wey be say dem come togeda to discuss di kwanta of irregular movement. Some of di aims of di meeting na to share TRS testimonies so dat di diaspora go fit share am further and to also find out new trends and information about irregular movement. Find out more for awa [website](#).

### Dissemination Meeting in Edo State, Nigeria



TRS togeda with UNHCR Nigeria organize “Dissemination Meeting” for inside Benin City, Edo State, Naija. Di dissemination meeting allow for collaborative forum wey be say; dem discuss TRS project testimonies and IEC materials, dem also share dem with stakeholders. Find out more for awa [website](#).

## UPCOMING

- **Testimony gathering from Malta:** TRS don record more testimonies from new arrivals wey enta Malta. Di testimonies dey under production and we go soon begin share dem in di coming weeks.
- **Virtual Diaspora Engagement:** Due to di lock down wey join di COVID-19 situation, awa upcoming diaspora meetings go dey happun online for now. As soon as we get more details on dis, we go share further.

STAY CONNECTED



MATERIALS

[About  
Stories](#)